




Chirongwa chevhu muZimbabwe Makuhwa nechokwadi

Ian Scoones, Nelson Marongwe, Blasio
Mavedzenge, Felix Murimbarimba, Jacob
Mahenehene na Chrispen Sukume

Mepi yeMasvingo province inotaridza nzvimbo dzeongororo



Nyaya Iripo

Chirongwa chevhu mu Zimbabwe chaka svibiswa zvikuru nemamwe mapepanhau nenhepfenyuro munyika nekunze. Kwaibuda zvekungoti chirongwa ichi chaive chemvongamvonga chete. Chaingove chemusindo bedzi chichiparadza zvakavakwa mumapurazi. Zvechokwadi zvimwe zvinogona kunge zvakafamba nenzira iyoyo, asika kune zvakanaka, uye kune kubudirira kwakanyanya kwakaitika mumapurazi kusina kucherechedzwa nevaishooro nekushoropodza. Nyaya iripo haisi chete yekungodhirika kana kuti zhokoto kwezvinhu mumapurazi. Nyaya iripo yakatidzikei kudarika zvinotaurwa, idandemutande, upiningidzwa. Kubatsira Zimbabwe kuenda mberi nechirongwa chitsva kunoda ongororo isina kwayakarerekera. Zvinoda kunyatsogara pasi nevanhu vacho, kuti tione kuti chii chakaitika kunaani, kupi,



zvika zodii ?. Izvi ndizvo zvatakaita kwemakore gumi apera kubva 2000 zvakaburikidza nekunyorwa kwebhuku rinonzi 'Chirongwa chevhu muZimbabwe – makuhwa nechokwadi. Kabhuku kano

kadiki kanoedza kupa muchidimbu zvakanikwa muongororo huru yatakaita. Mubvunzo wedu muongororo wange usingaboremi : chii chakashanduka muupenyu hwevanhu vakawana minda nechirongwa chevhu ' chejambanja ' kubva 2000? Takashamisika nekusiiana, neutandeutande, neumhiningidzwa hwemhinduro dzatakawana.

Ongororo iyi yakadzika, takaita pamisha mazana mana (400

households), kuMasvingo Province, mumapurazi gumi nematanhatu (16) akatorwa, kubva kunonaya mvura yakawanda kwa Gutu, tichidzika zasi kusvika kuchamhembe kwakaoma. Takakatyamara kuti zvatakawana nekuona muongororo zvaipikisa pachena makuhwa, kunyomba nekushooro kwaibudiswa nemamwe mapepanhau nenhepfenyuro. Zvaipikisa zvekare zvinyorwa zvenyaya iyi mazuva iwawo, zvaibva kunevamwe vanamazvikokota vefundo

(academics) nevana mazvikokota venzira dzebudiriro (policy). Hongu zvigozhero, kukonewa nehuvori takazviwanavo muongororo, asi zvakanaka ndizvo zvaive zvakanwanda kupfurikidza.

Kazhinji zvinotaurwa pamusoro pechirongwa chevhu muZimbabwe ndezvokuti - chakaparadza nyaya dzekurima munyika kuti mbombombo, nzara haichaperi, vurombo kuvanhu, vuye vose vaive vaseveni mumapurazi akatorwa, vakadzingwa havasisina mabasa. Chokwadi chaicho chinoti netsei kuona kana usina kutarisa nyaya zvakanaka. Chokwadi chaicho chinowanikwa

mudandemutande kunge wavhunza zvineungwaru. Semufananidzo taivhunza kuti - ndezvipi zvakadzokera shure pakurima? Ndianiko asina chekudya chakakwana? Ndezvipi zveupfumi kana mabhizimisi zvirikubuda kuminda mitsva? Ndivananiko vave vashandi vevarimi vatsva vakatora minda?

Ndiyoka mimwe mibvunzo yataikurukura nezvayo nevanhu kuminda makore gumi apera, kuMasvingo province. Masvingo yakasiyana nenzvimbo dzekumusoro kuHighveld kunonaya mvura yakawanda, kune mapurazi aisevenzerwa nevashandi vakawanda, kuchirimwa nekutengesa kunze

kwenyika. Chokwadi ikoko kumapurazi ekumusoro, zvekutengesa kunze zvakatombomira munzvimbo dzakatorwa ivhu, uye vashandi vakawanda vakarasikirwa nemabasa. Asika zvatakawana kuMasvingo hazvina kunyanyosiyana neongororo dzakaitwa kune dzimwe nzvimbo munyika ye Zimbabwe. Nyangwe ikoko yakange isiri nyatwa, nekugedageda kwemeni. Zvizhinji zvainenerwa chirongwa chevhu ikoko zvaipikiswa nezviripo, nezvirikuitika. Tinobvuma kuti zvinhu hazvisati zvati tasa, zvati kwesere, asika panezvakanwanda zvebudiriro zvirikutoitika kuminda.



Chirongwa chinemutsindo chekugarisa vanhu patswa

Chirongwa chekutora ivhu zvinemutsindo munyika yese ye Zimbabwe chakapa ivhu kuvanhu vanoita 170,000 zviri pamutemo, kubva gore ra 2000 kusvika 2011. Uwandu hwakadai ushoma kana tikaverenga zvekare vekungozvipa minda kunze komutemo. Vanhu vakawandisa vakagariswa nenzira ye A1, chirongwa chaitirwa varimi veminda midiki. Vamwe ve A1 vakagariswa mumaraini (villages) kune minda midiki. Vamwe vakagariswa mumapuroti (self contained plots) aneminda yakakura kudarika yemavhireji. Vakapiwa A2 vaive vashoma kuneve A1. Ve A2 vaitarisirwa kurimira kutengesa sezvaiita masapurazi akare, saka vaipiwa nzvimbo dzakati kure. Asika siyano chaiyo pakati pe A1 ne A2 inonetsa kunzwisisa zvachose, kune dzimwe nzvimbo kunowanikwa ma A2 ari madiki kuma A1, kumwe minda yekumapuroti midiki kune yekumavhireji. Zvakapfekana pfekana.



Mu 1980 mamiriyoni gumi namashanu (15m ha) emahemita munyika ino aive mumaoko evarimi vemapurazi makuru vanosvika 6000. Vachena ndivo vakange vakawandisa kuminda mikuru. Nekuchinja maoko kwevhu rimwe richienda kuvatema, varimi vemapurazi makuru vakazosara nemamiriyoni gumi nemaviri emahemita (12m ha) mu 1999. Hurumende ye Britain ndiyo yakabvisa mari yakawanda yekutenga ivhu, zvichitevedza chibvumirano che Lancaster House kubva kuvarimi vakuru richipiwa vanhu kusvikira 1999. Chirongwa chekutora ivhu che Lancaster chakabudiriravo zvacho asi kutora ivhu kwakazodhuma kubva 2000 nechirongwa chitsva chekupa ivhu kuvanhu, zvinemutinhimira

nechimbichimbi.

MuZimbabwe yese chirongwa chekutora ivhu richipiwa kuvanhu zvine mutsindo nechimbi chimbi (Fast Track Land Reform Programme), chakatora mapurazi 4500 aiva nemahemita mamiriyoni manomwe nemazana matanhatu (7.6m ha) kubva 2000 kusvika 2009. Varimi 145 000 ve A1 ne 16500 ve A2 vakagoverwa minda iyi. Nzvimbo yakatorwa nguva iyi



Shanduko pamamiriro enyika 1980 - 2010

Nzwimbo	1980	2000	2010
	Kukura (million ha)	Kukura (million ha)	Kukura (million ha)
Maruzevha	16.4	16.4	16.4
Minda mirefu yekare	0.0	3.5	3.5
Chirongwa chitsva chevhu : A1	0.0	0.0	4.1
Chirongwa chitsva chevhu: A2	0.0	0.0	3.5
Matengenyika madiki akare	1.4	1.4	1.4
Mapurazi makuru	15.5	11.7	3.4*
Mapurazi ehurumende	0.5	0.7	0.7
Madhorobeni	0.2	0.3	0.3
MaParks nematondo	5.1	5.1	5.1
Nzwimbo isina kugovewa	0.0	0.0	0.7

Kwazvakabva : African Institute of Agrarian Studies yakazviwana kuhurumende * Mapurazi makuru anosanganisa avarungu, mapurazi emabhezimisi neamatondo kunogadzirwa mapepa, mapurazi emachechi, mapurazi edzimwe nyika neemhuka.

inofungidzirwa kuve zvikamu makumi maviri muzana (20 %) kana tichifananidza nokukura kwenyika yose.

Chirongwa chevhu chakapa nzvimbo yakakurisa kuvarimi veminda midiki. KuMasvingo province varimi veminda midiki (A1) vakatora miriyoni nemazana maviri emahekita (1.2m ha). Varimi ve A2 vakawana 371,500 ha. Mapurazi ese akatorwa anoenzana nezvikamu makumi maviri nezvisere muzana (28%) kufananidza nekukura kweprovince. Mapurazi e A2 akasiyanasiyana kukura mupurovinzi asi rega rega ringangokwana mahekita mazana matatu negumi nemasere (318 ha). Minda midiki (A1) yakasiyanavo asi mhuri yega yega yakawana mahekita anokwana makumi matatu nemanomwe (37 ha) zvichibatanidza munda namafuro.

Hazvirevi kuti hakuchina mapurazi makuru akasara. Muno muMasvingo province mune makambani enzimbe aneminda isina kubatwabatwa. Kwaingotorwa chete ikoko minda yevainzi ma' outgrowers' ichipiwa varimi ve A2 vanorima

nzimbe paminda midiki kazhinji ine mahekita makumi maviri (20ha). Munyika yese kwakasara mamiriyoni mana emahekita (4m ha) eminda mikuru isina kubatwabatwa pamutemo. Semuenzaniso purazi reNuanetsi ranch risati ragoverwa vanhu pamutemo, rine mahekita 350 000. Munyika mungangove makasara varimi vachena mazana maviri kana mazana matatu chete (200-300 white farmers). Varungu vazhinji vakaenda pamwe nevasevenzi vavo.

Chirongwa chevhu chakaunza marimire akatosiyana, asi chakaunzavo varimi vatsva vaneshungu dzokubudirira nekurima, uye varikutozviiita. Asika chirongwa chakakura seichi chakasakisa kuti zvimwe zvisamiravo kwazvo mukurima. Chirongwa chese chakakura sezvizvi, pakutanga chinombokanganisa mamirire ekurima nekutengesa. Izvi ndizvo zvakaitika pakatorwa ivhu kubva kuvashoma zvikakanganisa zvikuru nyaya dzekurima nemisika yezvirimwa.

Kwakavepo kuderera zvikuru kwezvinotengeswa kunze kwenyika zvakaita segorosi, kofi,

tii, fodya nenyama. Semuenzaniso kubva 2001 kusvika 2009 goho regorosi rakadzikira nezvikamu makumi maviri nezvinomwe muzana (27%). Goho refodya rakadzikira zvakananyanya asi ravakukwira zvakare zvichitevera kugona kwavarimi vefodya veA2. Kushomeka kwekudiridzira nekushomeka kwemvura yemudenga kwakadzoseravo goho rechibage pasi . Goho rechibage rakadonha nezvikamu makumi matatu nechimwe muzana (31%) tichifananidza negoho rekuma 1990. Asika hazvisi zvese zvakadzokera shure. Zvimwe zvakabudirira zvine mutinhimira. Goho rembeu dzakaita semapfunde, mhunga nerukweza zvakadakupeta kaviri rekuma 1990 nezvikamu zvinoita 163%. Goho re bhinzi rakakwira zvakananyanya rikadakupeta katatu (282%) raiwanikwa kuma 1990. Goho redonje rakakwirira ne zvikamu gumi nezvitatatu muzana (13%).

Chokwadi mamiriro ekurima munyika ashanduka kana tichifananidza nekare, hongu kune zvigozhero zvakakura, asi kurima hakunganzi kwakafa kwakatimbombo sezvinotaurwa.



Upenyu utsva muminda mitsva mu Masvingo province

Ongororo inobva mumafigiri chete, anobva uku nekuku – dzimwe nguva ari mafigiri asina kutwasuka - inokwanisa kupa chiedza chebandi rimwe chete renyaya. Kuti tibate nyaya yezvakaitika muchirongwa chevhu muZimbabwe zvinoda kupinda muvanhu vacho, mumisha, nemumindayavo, kuti tizive zviri panzvimbo nenzvimbo. Muchikamu chinotevera tichatarisa zvakaitika mu Masvingo province iyo irikuchamhembe, iri pedyo nemabvazuva eZimbabwe.

KuMasvingo province chirongwa chechimbichimbi yekutora ivhu nekugarisa vanhu (Fast Track Land Reform Programme), chakatora zvikamu zvinoita makumi maviri nezvisere muzana (28%) tichifananidza nekukura kwe province yese. Mafigiri aya anobva kuhurumende. Nzvimbo yakatorwa iyi aive mapurazi makuru evarungu aichengeterwa mombe. Mumapurazi umu maive nezvishomashoma zvakavakwamo. Vashandi vemombe vaiva vasina kuwanda. Maingorimwa zviminda zvidikidiki, zvimwe zvichidridzirwa pedyo nedzimba dzemasapurazi. Varimi vakapindamo zviripamutemo vaive 32500 ve A1 vakagara pa 1.2 miriyoni yemahekita. KuA2 kwakaenda varimi 1200 vakagariswa pa 370 000 hekita. Varimi vekuzvigarisa kunze kwe murawo vangangosvika 8500.

Muprovince mune miriyoni yamahekita (1 m. ha) zvinova zvikamu gumi nezvisere zveprovince kubva muzana (18.8 %), zvemapurazi makuru asina kumbobatwabatwa anosanganisa mapurazi emhuka dzemusango neenzimbe, zvikuru kuchamembe kweprovince.

Kuminda mitsva kwave nevanhu vanemararamiro akasiyanasiyana. Imwe nzira yatakashandisa kuti tibate kusiyana kwenduramo dzavo yaive yekuti ivo pachavo vatiudze zvavari, uye zvavanoshuvira, kuti chii chinonzi munhu wakabudirira munzimbo mavo (success ranking). Takaita izvi

mumapurazi ese gumi nematanhatu ataiongorora kuMasvingo province. Vanhu vakatiburitsira nyaya yekuti kune mapoka akasiyana siyana sezviri kutevera.



Mararamiro evanhu vakagariswa patswa muMasvingo province

Boka	Mararamire	Chikamu kubva muzana
Vanogozherwa zvekuda kusiya (10.0%)	Vangangobuda	4.4%
	Vanoshaiwa nevano rarama nemaricho	3.3%
	Vanorwara zvekutadza kushanda	2.2%
Vanotatarika varimo mundima (33.6%)	Vasine zvekushandisa zvakakwana pakurima	17.8%
	Vanotora ivhu senhaka vasingarishandisi zvakakwana	10.3%
	Vanoti rimwe gumbo kumusha kwakabviwa rimwe kuminda mitsva	5.6%
Vanotsigira kurima nemamwe mabhindauko (21.4%)	Vave kurarama nedzimwe nzira dzakatisiyane nokurima	2.8%
	Vanotsigira kurima nemamwe mabasa avanoita	5.3%
	Vanorima vachiwan rubatsiro rwehama dzinoshanda muZimbabwe	5.0%
	Vanorima vachiwan rubatsiro rwehama dzinoshanda kunze kwenyika	4.4%
	Varimi verunhare mbozha	3.9%
Vanomhanya nendima (35.0%)	Hurudza – Varimi chaivo	18.3%
	Vanotsigira kurima nemabizimisi avanao	10.6%
	Vanorimira kutengesa	4.7%
	Vanosevensesa chizivano kuwana zvekurimisa	1.4%



Chikamu chepakati nepakati zvichiraudza (50%+) chemamazana mana (400) emisha yaiva muongororo mu A1 ne A2, nevakazvipa minda kunze komutemo, vaive varikutounganidza zvinhu zwavo vachirima nekutengesa nguva dzese. Ava vaisanganisa vaitsigira kurima nemamwe mabhindauro nevanodhonzwa zvakasimba kana kuti hurudza. Vaipinza vamwe mabasa ekurima pamisha yavo, zvaisakisa kuti kurima kwavo

kuende mberi mukati mezvigozhero zvaivapo.

Havasi vese vakazvigona zvekuunganidza zvinhu muupenyu hwekuminda mitsva vachibudirira mukurima. Chimwe chidimbu (46.5%) chakawana zvakagozha kana kuti 'zvkapuresa'. Panguva yeongororo vamwe vavo vaitoomerwa zvekuda kubuda, kazhinji nemhaka yekurwara kana kushaiwa chauviri. Vamwe ndivo vaitatarika varimo

mundima. Kuita zvaityisa zvekupinda muminda nguva yejambanja, kuita mabasa akaoma ekuvaka misha nekugobora masango kuti ave minda, zvese izvi zvaida kuzvipira, chivindi nekushanda semvumba. Zvakange zvisiri zvembwende.

Chikamu chevanoshaiwa, vanogozherwa zvekuda kusiya, chakaramba chigere muurombo chichingorarama nerubatsiro rwe hama neshamwari. Vamwe vaitorega kurima minda yavo zvachose voita zvavakuitwa neruzhinji rwevakadaro zvekusevenzera vamwe varimi vachihora mari shomanana. Vamwe vekutatarika varimo vaive nechinangwa chekubatira mhuri nhaka yevhu, asi ivo pachavo vasingarishandisi zvakakwana. Vamwe veboka iri vaiti gumbo kwakabwiwa rimwe kuminda mitsva, zvaizovatadzisa kusimudzira nzwimbo dzese. Vamwe vechikamu chevanotsigira kurima nemadhindauro vaizoita mamwe asiri pamutemo, zvinosungisa, zvisina utano, zvekungoti munhu ararama kwenguva iyoyo.



Hazvishamisi kuti vanhu vakaenda kuminda mitsva vairarama nenzira dzakasiyana siyana kudai. Kubva mugore ra 2000 mamiriro ehupfumi munyika angaakaminama pasina rubatsiro rwakakwana runoenda kuvanhu kubva kuhurumende. Vainyatsowana zvakakwana kubva kuzvishoma zvaivepo ndivo avo vashoma vaishandisa chizivano. Ma NGO vairamba kubatsira vakatora minda, vachipa nyaya dzematongerwo enyika sechikonzero. Ruzhinji rwavanhu vakazvigona, vakabudirira, vaive vaizvishandira nesimba ravo vachibatandiza ichi ne ichi, apo neapo nekungovawo nemhanza pane zvimwe zvinhu kana pane zvimwe zviitiko.

Mapepanhau nenhepfenyuro dzaishoora chirongwa chevhu munyika muno nekunze kwayo, vaingoshevedzera nyaya yekuti zvinhu zvese zvinechekuita

nekutora ivhu zvaive zvechizivano. Zvaive chete zvema 'cronies' vane midzi yakadzika mumusangano kana muhurumende. Sezvatamboreva, muongororo yatakaita muMasvingo province zvaiwanikwavo izvozvo asi uwandu hwacho zvaive zvikamu zvishanu muzana (5%) chete. Vakange vasina kupambira nenzimbo yese sezvainyorwa kana kutaurwa. Kazhinji kacho vaive varimi venhare umbozha (cell phone farmers). Havasi vese vaigona kushandisa zvavakapiwa nechizivano. Kumwe kwaitoonekwa tirakita itsva ichizviorera zvayo yakamira papurazi pasina zvakawanda zvirikuitika. Nyangwe zvakadaro, ongororo yeMasvingo province haina kuwana zvechi 'crony' zviri zvingatorwa semusoro wenyaya kuminda mitsva. KuMasvingo hakusi kuMazoe kana kuti kuMarondera asi zvakangodaro ongororo dzakaitwavo nevamwe kunzwimbo idzi, dzaipikisa

zvekare, zvizhinji zvaiparidzirwa pamusoro penyaya dzema 'crony'.

Nyaya inobuda muongororo yedu ndeyokuti hafu yevanhu vakaenda kuminda vakatobudirira. Vanhu ava havasiri ma 'crony'. Chikamu chevanhuvo zvavo, vane chido chekurima, vanoshanda nesimba, vachikohwa zvinokwana kudya nekutengesa, vachisevenzesa mari yekurima neyavanowana nemamwe mabhindauko vachiidzorera mukurima zvekare. Kubudirira kwavo kunobva muziya remhuri pachadzo dzichiunganidza nekuumba budiriro yadzo kuminda (accumulation from below). Muzvikamu zvinotevera tichaona kuti chikamu ichi chinodhonzwa, chirikubatsira chose munyaya dzebudiriro dzakaita semisika yezvirimwa, mabhizimisi nemabasa matsva.



Ndiani wakawana munda?

Makuhwa anotenderera nekutenderera sebhora ndiwo acho ekuti vobwo kana kuti ' macrony ' ndivo vakagovana minda yese yakatorwa. Hama dzavaMugabe nevari pedyo navo munyaya dzematongerwo enyika, ndivo chete chete, vanonzi vakabhanya ivhu rese. Izvi zvinogona kuva zvakaitikavo apo ne apo asi kwete zvakanyanya zvekuti ndiwo ungava musoro wenyaya.

Ko ongororo yedu inoti ndianiko wakawana ivhu ? Takawana kuti pamisha mazana mana (400 households) yatakaongorora mumapurazi gumi namatanhatu (16) ruzhinji rwakatoravhu vaingove vanhuvozvavo. Hafu yevakariwana (50%) vaibva kumaruzevha (communal areas) ari pedyo nemapurazi akatorwa. Zvikamu gumi nezvisere (18 %) vakabva mumadhoroba. Vazhinji vakabva kumaruzevha waitiza zviminda zvidiki zvinevhu risati richapa. Vaibva mudhoroba kazhinji vaive vasingasevenzi, kana kuti vaisevenza mabasa asingabhadare zvinogutsa mhuri. Zvikamu gumi nezvitanhatu (16.5%) vaive vashandi vehurumende (civil servants). Vashandi vehurumende vaizoti wandei mu A1 yemapuroti (self contained) nemu A2 kwaikwira chikamu chavo kusvika zvikamu makumi maviri nezvishanu muzana (25%) munzvimbo idzedzo. Chikamu chevemabhezimisi chaive zvikamu zvina zvichiraudza muzana (4.8%). Vemabhezimisi vaiwanikwavo vakati wandei mumapuroti nemu A2. Chikwata chevanochengetedza runyararo munyika, chemapurisa nemasoja (security service personel) chaive zvikamu zvitatu zvinoraudza muzana (3.7%). Vakagariswa patsva vaimbosevenzera masapurazi (former farm workers)

vaive zvikamu zvitanhatu zvinoraudza muzana (6.7 %).

Uwandu hwevaimbosevenzera masapurazi vakazotoravo ivhu hwaivavarira zvikamu gumi nezviviri muzana (11.5%) munzvimbo dze A1. Pakauya jambanja, vasevenzi ava vakabva vapinda mariri. Mune rimwe purazi ratakaongorora, waimbove musevenzi mupurazi imomo, ndiyezve wakatungamira kutorwa kwaro semuteveri wa base commander (deputy base commander). Asika kune umbowo hwekuti kune dzimwe nzvimbo kwakatorwa ivhu munyika vasevenzi vemumapurazi vakaona moto, vakapinda bhizi. Saka zvatakawana muongororo yeMasvingo province panyaya yevasevenzi zvingangoita sekuti shamisei.

Asika pane musiyano wekuti kuMasvingo kwange kuri kwemaranji (ranches) emombe kwaishanda vasevenzi vashomane kufananidza nemapurazi ekumusoro kwenyika. Mapurazi ekuMasvingo anga akapoterredzwa nemaruzevha kunova ndiko kwaibva vasevenzi, kazhinji vaishandiswa pavanenge vodiwa (temporary workers) vachidzokera kumisha yavo. Mapurazi ekumusoro mazhinji akange ari chinhambo nemaruzevha zvinogona kutsanangura kuomerwa kwakaita vashandi vemapurazi aya vaibva kure, vakazoshaiwa kokuenda apo mapurazi akatorwa nejambanja.

Varwi verusununguko (war veterans) vaivavarira zvikamu zvipfumbamwe muzana (8.8%) tichifananidza nehuwandu hwamasaimba ese aive muongororo. Takawana chikamu





chevarwi chichikwana pese pese. Vazhiji vairima mumaruzevha chironzwa chevhu chisati chatanga. Vashoma vaive vagari vemumadhorobha. Vamwe varwi vaisevenza kana kuti vakambosevenza muhurumende zvikuru muchipurisa nemuchisoja, vamwe vaine mabhizimisi.

Pakatanga chironzwa chevhu mu2000 varwi vazhinji vaigara nekurima mumaruzevha, vakange vangove vanhu nje, vamwe votokanganwa kuti vaimbove vana 'mukoma' (war vets). Vazhinji vakange varobwa nenhamo neurombo mushure memakore makumi maviri hondo yechimurenga yaperera. Pakatanga kutorwa ivhu varwi verusununguko ndivozve vakazotungamira jambanja racho vazhinji vavo vakapinda mumapuroti (A1 self contained), asi vamwe vakashayiswa nzvimbo mu A2 vachida kupindavo.

Minda mitsva yakanyanyo torwa nevanhurume. Mazita evarume ndiwo akawandisa patsamba dzehurumende dzaipa vanhu

mvumo yekushandisa ivhu dzavaitiridza. Izvi zvinoita sezvisina kucherechedza kuti vanamai vakaita basa guru muma 'besi' (bases) pajambanja. Ndivozve musure mekutora ivhu, vakamira kuti budiroro ivepo mukurima nekuvaka kuminda.

Muongororo yedu yedzimba mazana mana takawana madzimai vakatora minda pazima vari zvikamu gumi nezviviri muzana (12%) chete. Takawana ruzhiji rwemadzimai akazvimirira pachavo pakutora ivhu, vakawanda kumapurazi akagarwa zviri kunze kwemutemo. Vanamai vakatora ivhu pazima, vazhinji vavo vaive chirikadzi, dzaishuvira nzvimbo yakasununguka kwavaizogara vasinga shushwi, kana kunenerwa zvakanwanda sezvavaigaraitwa kwavakabva.

Saka chikamu chevobwo varikudaizwa kunzi makironi 'cronies' ndechipiko? Kune vakuru muhurumende kazhinji vechiuto vaive muchironzwa chevhu pajambanja vakakwanisa kuwana nekugara pavaida. Takawana zviri zvikamu zvishanu

muzana (5%) zvevanhu vakadai. Varwi vehondo vazhinji vaive nechokuita nejambanja vakakwanisavo kuzviwanisa mapuroti (self contained). Asika jambanja harina kuitwa nevobwo chete. Zvange zvichinetsa nguva iyoyo kuti uti ava vanhu vejambanja ndevanhangi. Semufananidzo, varwi vechimurenga vaitungamira jambanja, vanga vasingapindirani nguva dzese nevakuru vemusangano wavo, asika zvaivepachena kuti vakange vasina kurerekera kumapato anopikisa hurumende (opposition parties).

Takawana vasevenzi vehurumende vakawandira kuma A2 zvikuru kunzimbe. Ava vakange vari vadzidzisi, vadhumeni, nevasevenzi vemakanzuru. Kunyangwe zvavo vange vasiri varombo sezvakaita vamwe vakabva kumaruzevha hazvigoni kuti vanganzi mashefu kana kuti vobwo. Uyezve tikatarisa mamiroro akarereka anga akaita upfumi hwenyika, nemari isingatengi yavakange vachihora zvaitokwanisika kuti vaverengerwe kuvarombo.



Minda mitsva vanhu vatswa



Vakasiyanasiyana vanhu vakatora ivhu. Vane zvitupa zve Master farmer ku A2, zvikamu makumimana nezvitanhatu muzana zvichiraudza (46.5%). Kumapuroti (A1 self contained) zvikamu gumi nezvinomwe pazana zvichiraudza (17.6%) vanezvitupa zvekurima izvi. Ku A2 vane Form 3 vanodarika zvikamu makumi mapfumbamwe muzana (91.6%). Kuma puroti vakafunda seizvozvo, zvikamu makumi manomwe zvichiraudza muzana (71.6%) ukovo kumavhiregi (villages) uwandu hwevane Form 3 hwakatidzikire kusvika makumi mana zvichipfuura muzana (44.8%).

Zera zhinji rakaenda kuminda, vanhu vanemakore ekuzvarwa ari pasi pemakumi mashanu (50 years). Vakawanda vavo vakazvarwa mushure mekuuya kwekuzvitonga (Independence, 1980). Ku A2 ruzhinji izera rekumakore makumi mana (40 years). Ku A2 ikoko ndiko

kunowanikwa dzimwe nyanzvi dzemabasa akasiyana vachizikanwa kwakawanda. Tambotaura kuti zvikamu gumi nezvisere muzana (18.3%) varimi vakabva mumadhoroba. Uwandu hwavakabva kumadhorobha hwakaramba huchiwedzera ku A2 kusvika zvikamu zvinopfuura makumi mana nezvitatu muzana (43.8%). Vanhu ava vaneruzivo rwekunowanikwa zvinhu mumadhoroba zvaibatsira mukurima kwavo vasingamiriri rubatsiro rwehurumende rwaive rusipo.

Zvakawanikwa muongororo yeku Masvingo zvinodyidzana neongororo yeAfrican Institute for Agrarian Studies neye Ruziwo Trust, vakatarisa nyaya dzeminda kune dzimwe nzvimbo munyika muno. Vaongorori vese ava vakawana kuti nyaya dzekuminda idandemutande, zvakapiringana. Zviya zvekungoti 'ivhu rese rakabvutwa nemakironi' pasina ongororo yakakwana - kuirasa 'Nhasi uno

nzvimbo yaive yasapurazi umwe, kazhinji asingagaripo, pachingogara maneja nevashandi vashomanana, yagarwa nevanhu vakawanda vakasiyanasiyana. Ruzhinji rwakatora minda vanhu vechidiki vakadzidza, vamwe vanoita, kana vaimbota mabasa akasiyana. Vamwe inyanzvi munezvimwe zvinhu zvinoyamura kuminda. Izvi zvinotaridza kuti varimi vakaenda kuminda mitsva nechirongwa chatiri kutaura nezvacho vakatosiyana chaizvo nevarimi vekumaruzevha akapoterredza kana veminda mirefu yekare nyika ichangotorwa.

Saka panomusiyanana mukuru pakati peminda mitsva neyakatorwa kare kuma 1980. Minda mitsva haisi maruzevha kana zvipurazi zvidiki zvinoedzesera mapurazi makuru akare. Kuminda iyi kuri kubuda mamwe maitiro ezvinhu angangoendeswa nyika mberi nyangwe zvigozhero zviri jahwi.

Kuvaka upenyu utsva kuminda

Mamwe makuhwa anogaro tenderera nekutenderera ndeekuti, vanhu havasikuvaka kumapurazi. Ivhu rakatorwa harisikushandisiwa sezvo vanhu vasine hanya nekurima. Zvaive zvakavakwa mumapurazi zvakaparadzwa hapachisina. Kana zviripo zvakafa vuye hapana une hanya nekuzvigadzira. Maonero ekuti ivhu raipiwa vanhu pasina matsamba amagweta, pasina mari yaibhadarwa, zvairedzeravo mafungiro ekuti yaingove njake njake. Ongororo yatakaita kuMasvingo yakawana maonero nemafungiro aya akatosiyana zvachose nezvaivepo, nezvakaitika. Zvechokwadi mamirire ezveupfumi munyika anga akaipisa kusvikira 2009, zvaisakisa kuti kuvaka upenyu utsva kuminda kugozhe. Seri kwemakuhwa kunoti - kwakava nekuenderera mberi kunemutsindo kwakaitika mukugobora nekugadzira minda, kutenga zvipfuyo, midziyo, nezvinodiwa pakutakura nekuvaka misha mitsva kuminda.

Kuvaka kuminda kwaive kutanga upenyu patsva. Kumapurazi mazhinji kwakaitwa ongororo, kwaaingove nematondo pakapinda vanhu. Aingove mafuro emombe asina zvakavakwa zvakanwanda. Kwaive nevaseveni vashoma, zvimisha zvavo zvakangovakwa apo neapo. Madhibha anoshanda aive mashoma, Vamwe masapurazi aive nezvidhamu kana panodiridzirwa padikidiki pedyo nedzimba dzavo. Vanhu vakatora minda nejambanja



vaigara 'mumabase camps' aitungamirwa nevarwi verusununguko. Vachangosvika vakatanga kumema panevhu rekurima rakanaka, nepane mvura ndokupegerana misha neminda. Asi pasine chinguva zvichangotanga vashandi vehurumende vakauya vakachinja zvaivepo vachipegera vanhu patsva nekupinza vanhu vakawanda muminda. Zvakasakisa kuti vanhu vaputse pavakange vambovaka, nekugoborazve pamwe patsva. Kwakaitwa chimbi chimbi yekugadzira misha neminda patsva. Dzimba, matura nematanga zvakanwanda nechimbichimbi mvura isati yana.

Masango akashanduka akave neutaretare hwenzira

dzinobatanidza misha neminda, dzimwe dzichibuda. Vanhu vakaramba vachiwedzera kuwanda. Masapurazi evarungu aitevedzera chidzidzo chaiti mombe imwe chete yaipiwa mahekita ekufura gumi (10 ha). Ikozvino kwave kuchengetwa zvipfuyo zvakanwanda kupfuura zvaichengetwa nemasapurazi vakaenda ava. Mumapurazi maichengetwa mombe dzega



chete mave kuti mombe , mbudzi, madhongu, ngurube nehuku. Vanhu vakatenga zvipfuyo zvakanwanda kuminda - zvikuru mombe ku A1.

Rimwe basa raigozha kwaive kutema nekugobora minda. Mugore ra 2008 / 2009, takatarisa kuti vanhu vakange vagadzira minda yakakura sei kubva pakuvamba. Kumavhireji ku A1 munhu ega ega waive agadzira mahekita anodakusvika manomwe (6.8 ha), kumapuroti (self contained) mahekita gumi nematatu zvichi raudza (13.3 ha), ku A2 munhu ega ega wainge agadzira mahekita makumi maviri nematatu zvichipfuura (23.7 ha). Ku A1 minda mizhinji yakange yagadzirwa yairimwa yose. Vanhu vazhinji vane magadheni vakatenga waya yekuakomberedza nayo. Vamwe vaichera matsime, kuvaka zvidhamu, kudzvara miti, nekuchera makandiwa. Kwakatengwa zvishandiso zvemuminda zvakanwanda zvaisanganisa mageja, zvikoforo, hara, zvikochikara nembombi dzemvura.

Dzimba dzakavakwa zvakanwanda Dzemapango dzakavuwira nedhaka ndidzo dzakatanga uye dzimwe dzakadaro dzichiriko. Asi shure kwegore rimwe kana maviri, vuye shure kokuwana matsamba ekuminda, vanhu vakawedzera kushinga, dzimba dzakanaka dzikatanga kuvakwa. Dzakavakwa dzezvitinha nedzesamende dzakapfurirwa nemazenge. Kune dzimwe nzvimbo dziriko dzinokwikwidzana nedzakanaka dzemudhoroba. Dzimwe dzakavakwa nezvinhu

Kukosha kwezvakaitwa mukuumba budiriro kuminda

Chinangwa	Mari yakashandiswa nemhuri yega yega (US\$)
Kugadzira minda	\$385
Kuvaka	\$631
Mombe	\$612
Zvekushandisa pakurima	\$198
Zvifambiso	\$150
Zvimbuzi	\$77
Waya dzegadheni	\$29
Zviborani	\$79
Zvese	\$2161

zvinokosha zvaitengwa kunze kwenyika seku South Africa.

Zvifambiso idambudziko guru kuminda. Kushaikwa zvamuchose kwemigwagwa kune dzimwe nzvimbo, vuye migwagwa yakashata, zvaisakisa kuti kushaikwe mabhazi kana zvimwe zvifambiso zvekuenda nazvo kumadhoroba. Zvinhu zvakanwanda pamazuva ayo upfumi hwenyika hwakange huri parumananzombe, apo vemabhizimisi ezvokutakura vanhu vaishaiwa mafuta (fuel), vachibvisa mabhazi nemakombi avo mumigwagwa. Vanhu vakaomerwa veduwe. Kwakange kusina zvitoro, zvikoro, makiriniki nekwaitengwa chinhu. Vanhu vakatenga mabhasikoro munongonzwa. Vamwevo vakatenga zvimota zvidiki nedzakatikure dzekutakurisa.

Yakanwanda seiko mari yakashandiswa nevanhu kuumba budiriro yavo kuminda? Musha wega wega wakashandisa zvuru zviviri





zvemadhora (US\$ 2000) kubva pakupinda muminda kusvika 2009.

Ichi chinongova chidimbu chidiki chezvinhu zvese zvakaitwa nevanhu kuti vaende mberi. Tangopa mufananidzo wezvavaitwa nemhuri yega yega chete. Pane zvakawandavo zvavaitwa nevanhu vari pamwechete kuti vakwiridzire nzvimbo yavo. Kuminda mitsva kwakavakwa machechi, zvikoro, zvitoro, kwakagadzirwa migwagwa vanhu vakabatana. Basa rese rakaitwa nevanhu pachavo kazhinji pasina rubatsiro kubva kunze.

Varimi veA1 ndivo vakataridza kuti vakarongeka, uye vaine shungu dzekuzvishandira pachavo kuunza budiro. Vashandi vehurumende vaiwanikwa, asi zvimwe zvevaiita zvakange zvisina kunaka. Semufananidzo vanhu havana kunyanyo fara nekupega patsva kwakaitwa kwakavabvisa pavakange vapegerana vega pakutanga. Kupega kwehurumende kwaitvedza mapegero ekuma 1930 aigarisa

vanhu kure nemvura. Vanhu vaitamiswa kubva kunzizi kunemvura nevhu rakakora, voendeswa kwakakwirira, kumutunhu, kwakarereka, kwakaoma. Ukuvo Operation Murambatsvina yakaputsa zvima 'tuck shop' zvaive zvavakwa nevamwe varimi mujinga memigwagwa mikuru.

Varimisi vashoma - zvikurususa vezvoutano hwemombe. Vanhu vaitosevenzesa ruzivo neunyanzvi hwavo pachavo nekutsvaka kuti ndiani angavabatsira panezvavasingazivi. Kazhinji avo vakauya vari maMaster farmer kubva kumaruzevha, vaiyamura vamwe vavo. Kushomeka kwemadhibha kuminda kwakasakisa kuti zvipfuyo zviparadzwe nezvirwere zvezvishambwe (tick borne diseases). Vanhu vazhinji vakazongwara vakatenga masipureya (sprayers) ekushandisa kudhibhisa zvipfuyo zvavo, dzimwe nguva vakabatana. Zviri pachena kuti vanhu vakazviumbira budiro yavo yakakurisa vega pachavo pasina kumirira rubatsiro

rwehurumende, kana rwamadhona (donors). Tikatora zvishoma zvatareva, zvavaitwa nemhuri yega yega pamusha payo, tichibwerengedza mhuri dzese dzakatora minda kuMasvingo province, zvinotipa madhora mamiriyoni makumi mapfumbamwe zvichipfuura (US \$ 91 million) emari yakabva muziya revanhu, ikadirwa mubudiro yavo kuminda pasina rubatsiro runobva kunze.

Tingati here, vanhu vanozvigona vega saka ngavarege kubatsirwa, vasiyiwe vakadaro? Kwete, zvakawanda zvinoda rubatsiro runobva kunze. Kutizvinhu zvinyatsofamba kuminda kunodiwa rubatsiro rwekugadzira migwagwa, zvikoro, makirinika, zvibhorani, madhamu, mairigesheni, madhibha nezvimwevo zvakadaro. Zvinhu izvi hazvinga simudzirwi nevanhu vega pachavo. Chido chekubudirira chakataridzwa nevanhu, ndipo panofanira kuve pekutangira kana hurumende, ma NGO nevamwevo vachida kuunza budiro yakasimba kuminda.

Kuri kutanga here hondo yeshanduko mukurima kwevakatora ivhu?



Rimwe guhwa rinotenderera nderokuti kurima kwakawa kuti mbombombo, nzara iri ti gore negore. Hazvipokanwi nazvo kuti marimire asiyana neamasapurazi makuru ekare asi ongororo yedu yakaburitsa kuti kurima hakuna kudzokera shure.

Ngatitore fananidzo yegoho rechibage kuminda mitsva kuMasvingo. Takaongorora mikoho yemakore manomwe kubva mwaka wa2002 – 2003, Takawana goho richikwira gore negore, zvikuru sei zvichiburikidza nekupedza kuvaka kwakaita vanhu pamisha, kuwanikwa kwemombe dzinosungwa, nekuwanikwa kwezvimwe zvaidiwa kushandisa pakurima. Wakange usiri mutserendende sezvo nguva zhinji yataiongorora zuva (drought) ranga richitonga, richikamura goho zvakasimba. Goho raisiyanavo nekusiyanwa kwemagonero avarimi. Mbeu yekudzwara nemafeteraiza zvainetsa kuzvibata, uku

rubatsiro rwehurumende rusingakwani vanhu.

Mvura yakana zvakanaka mwaka yaiti 2005-2006 ne 2008-2009. Makore aya vanhu vazhinji vakawana goho rechibage rinodarika tani (1 tonne) pamusha wega wega. Goho rakadai rinokwanisa kuti mhuri inevanhu vanomwe irarambe kusvika mwaka unotevera ichinyatsodya ichiguta. Mu2009 goho rechibage rinodarika tani rakawanikwa nezvikamu zvevarimi zvinodarika makumi matanhatu muzana (63%) kusvika zvikamu zvose muzana (100%), kunzvimbo dzakawanda kusara kwekuChiredzi nekuChikombedzi. Asi gore iroro kuChiredzi neMwenezi zvikamu makumi matanhatu muzana (60%) zvevarimi vakakohwa mapfunde nemhunga zvinodarika tani pamusha wega wega.

Rimwe goho raitengeswavo kana zvinhu zvakawanda, rimwe richichengetwa dzimwe nguva

kwamakore mana (4 years) vanhu vachingodya. Zvikamu makumi matatu muzana (30%) zvevarimi vanogaro tengesa chibage. Mu2009 varimi vekumapuroti (A1 self contained) vakatengesa chibage chinodarika tani pamusha wega wega. VeA2 vakatengesa zvakati shomeke. Kwaiwanikwavo chose vamwe vaishaiwa, vachizorarama nekutenga kubva kunevakakohwa, pamwe nekuraramiswa nehama, asi handizvoka zvinganzi kurima kwakati mbombombo, nzara iri ti, hapachina chinorimwa nechinotengeswa.

Misika yekutengesera zvirimwa inokosha kunevakatora minda. Misika iyi ichiri mitsva uye yakasiyana zvikuru neyakare. Haisati yasimba. Yakakanganiswavo zvikuru nematambudziko emari akabata nyika yese makore gumi apera zvichipfurikidza nezvigozhero zvichiripo zveupfumi hwenyika.

Kushereketa nokubhindauka munyaya dzebudiriro

Kushereketa nekubhindauka kunotaridzwa nevanhu hakufaniri kushoorwa. Kunofanira kushandisiwa sepokutangira munyaya dzebudiriro. Mumapurazi akaitwa ongoro mune vanodiridzira nzvimbo diki vachirima zvinotengeswa munyika kana kunze. Munenyanzvi dzekurima donje vari kuzviwanira mari yakanaka vachibvutiranwa nemakambani edonje. Munevarimi vezvipfuyo vavekutengeswa neungwaru vachiwana mari yakawanda kubva kuzvipfuyo zvavo. Semufananidzo, pachinzvimbo chekutengeswa mombe imire nemakumbo mana, zvisingape mari kwayo, vamwe vave kuuraya kuma 'abbatoir' votengeswa nyama. Kune vamwevo vakapinda munezvokutengeswa

mombe kana nyama kuma 'abbatoir', mabhucha, masupamaketi nekumwe. Vamwe varikukohwa zviwanikwa zvemusango semadora (mopane worms) nechimukuyu (biltong) vachitengeswa kunze kwenyika vachiwana mari yemandorokwati. Vamwe vanobatana nemakambani mukurima kwavo (contract farming) vamwe vachiita mushandira pamwe (joint ventures) kumapurazi anemhuka dzemusango vachitengeswa zvinhu zvinovapa mari yepamusoro.

Kune chikwata chinokosha kuA2 chinorima nzimbe chakakunda miyedzo yaiti kushaikwa kwemagetsi ekudiridzisa, mafeteriza nekubatirwa pamitengo yenzimbe

nevanoigaya vachiitenga. Vakaramba vachirima nekuunza nzimbe kuzvigayo zvacho. Dzimwe nzimbe dzaitengeswa dzakadaro kumisika yakasiyana. Vamwe vakati havangamiri negumbo rimwe chete renzimbe saka vari kurimavo murivo nezvimwe (horticulture) vachidiridzira.

Varimi vatsva varikupinza vanhu mabasa kuminda. Kazhinji vanopinza vemugwazo (piece jobs – temporary) vanopiwa mari shoma. Vana mai' vanotatarika vari mundima' ndivo vakawanda kumugwazo kwavakuraramira vakawanda. Kuminda chakava chiredzo chakakwezva hama nevanotsvaga mabasa. Uwandu hwevanhu hwakawedzera nevanhu vatatu pamusha wega wega kufananidza nepakutanga.





Papurazi rega rega reA2
paisevenza vashandi vashanu
zvichipfuura venguva yese
(permanent) nevemugwazo
vanodarika vanomwe. Ku A1
musha wega wega waisadarika
musevenzi mumwe chete
wenguva yese asi vemungwazo
vaigona kuita vaviri.
Tikaongorora nyaya yekuti
masapurazi akare vaiti mushandi
mumwe anopinda basa
rekuchengeta zana (100)
remombe dzinofura munzvimbo
inoita churu chamahelita (1000
ha) zviri pachena kuti vashandi
vari kuminda mitsva iyezvino
vanodarika nekure uwandu
hwevaimbosevenzamo nguva
yevarungu.

Kwese kwatakaongorora vanhu
varikunzwa manyukunyuku uye
vanetarisiro yeupenyu utsva
hunepundutso. SM

wekuMwenezi wakati 'Tiri kufara
kuno kuminda. Tine masitendi
neminda yakakura. Hapana zviya
zvekugara vanhu vakatsikirirana.
Gore rino ndakakohwesa
ndikazadza matura maviri
nemapfunde. Ndiri kushuvira
kutenga chigayo ndochivakira
muno muyadhi mangu'. PC
wekuMasvingo wakafananidza
kurima nemamwe mabasa achiti,

'Hatisevenzi asi kuno kuminda
kurima kunotipa mari inodarika
yevanonzi vari kumabasa'.
Kunyangwe zvigozhero
zvakanwanda vanhu
varikushingirira nekubhindauka,
kuti zvinhu zvidhume kuminda
asi vachitarisiravo nemeso
matsvuku rubatsiro
rwakatikwanei kubva kunze.



Pekutangira pakawanda



Vanhu vakainda kuminda vanoruzivo vuye inyanzvi mune zvimwe zvakasiyanasiyana. Vashandi vanoita ongororo dzekurima (agricultural research) nevanoita mabasa ebudiriro dzeimwe mitovo vanofanira kuziva kuti hazvichisiri zvemazuva ese. Vanhu vakaenda kuminda iyezvino vasiyana nevakaenda kare. Mukuru weMasvingo province kuvarimisi (Agritex) wakataura achiti, 'Zvinhu zvasiyana hatizivi vanhu vatinoshanda navo kuminda'. Tinoshandura zvakataurwa nemukuru uyu tichiti zvinoda kudzamisa pfungwa. Minda mitsva haasi maruzevha. Hazvisi zvimapurazinyana zvinoruvara rwemapurazi makuru akare. Kwave nevarimi varikutamba bhora rakatosiyana. Vamwe varimi ava vakatopinda nechakare mumisika mitsva ine pundutso mberi, kunyangwe pane zvigozhero. Vamwe vakadzidza chose, inyanzvi munezvakanwanda, vachizivana nevakanwanda vangavabetsera mukurima kwavo. Rumwe rubatsiro runodiwa

runosanganisa kuvapa ruzivo rwezvemukutengesa zvirimwa kuchisevenzeswa nhare mbozha (cell phones), nekuvabata paInternet vachipiwa nzira dzekuronga mabhizimisi ekurima.

Mweya wekuti 'tinovigona chete nyangwe zvodini' uri muvanhu vakainda kuminda, ndipo pekutangira, kana ndihwo hwaro hwekuvaka dare rakasimba ravarimi. Hafu yevanhu vakatora minda vakaita seizvozvo. Uye vakawandira ku A1, vachirima vachitengesa zvinemasandaira kuupfumi hwenyika, nekuwanisa vanhu mabasa. Chikwata ichi chikawana rubatsiro rwamandorokwati chinokwanisa kuunza shanduko inemutsindo mumarimiro evanhu muno muZimbabwe.

Zvekusimudzira kurima zvinemutsindo zvakanwanda kare. Kumasapurazi evachena zvakanwanda kuma 1950. Kumaruzevha budiriro mukurima yakadhuma kuma 1980. Kusimuka kwese ikoko

kwakange kuchiwana rubatsiro kubva kunze, zvisati zvaitika kunevakatora minda makore gumi apera. Mbiri yekurima yekuma 1980 yaibva kuchikwata chidiki chevarimi muZimbabwe. Chikwata ichi chaingove zvikamu makumi maviri muzana (20%) vazhinji vachirima kunonaya mvura kumusoro kwenyika. Mbiri iyi hainazvayo kutora nguva kupera - zvichitevera kuomeswa kana kusvaviswa kwakaitwa zvinhu ne ESAP. Iyi budiriro yanhasi irikuda kuitika, ine varimi vakawandisa vakapambira nyika yose, vari vanhu vanoruzivo rwakasiyanayana, vane mararamiro nezvipo zvakasiyanasiyana. Hachingave chiitiko chakanaka kurega vachiwa. Tinokurudzira kuti dai vabatsirwa vagosimudziravo nyika kuti ive nepundutso.

Chiitiko chevhu chakatangisa makore gumi apera, chakaparura shanduko inemutsindo munyaya dzekurima munyika. Kuminda kwakaenda vanhu vatsva, varikurarama nenzira dzakasiyanasiyana vachirima

nekutengesha kumisika yakasiyanasiyana vachiumba upenyu utsva. Ongororo yedu yakabata nyaya yekuti nduramo irikubva mukuunganidza kunobva pasi (accumulation from below) kana kuti kunobva muziya remhuri. Asika kuti kurima kupe pundutso yakakwana kumhuri, kuchidzinga nzara munyika, nekubetsera upfumi hwenyika kuenda mberi, varimi vanofanira kubatsirwa. Kunodiwa rubatsiro pakuvaka zvinhu zvikuru semigwagwa, madhamu nemairigesheni. Kunodiwa zvikwereti zvakanorova zvinobatsira zvirongwa zvekurima. Kunodiwa rubatsiro runoita kuti kuwanikwe nyore zvinosevenzeswa kufidha ivhu kuti ripe. Kunodiwa midziyo inorerutsa basa pakurima (appropriate technology), sepakudzvara, kusakura, kukohwa, kugadzira nekuchengeta goho. Kunodiwa varimisi vakakwana vanoziwa zvinodiwa mazuva ano kuti budiriro mukurima iyende mberi.

Rubatsiro irworwo rwakasimudzira nyaya dzekurima kuma 1950 nekuma 1980. Panguva yatiri zvinokosha kushandisa budiriro iripo semanera ekuti kurima kukwirire kuchienda mberi.

Zviri kubuda kuminda zvakasiyanasiyana saka rubatsiro runofanira kuuyavo rwakanangana nezvakasiyanasiyana. Tombotarisa nzira nhatu dzingaite.

Uzvinavhu

Kuve nemvumo zviripamutemo yekuva muridzi wevhu, chinhu chinokosha kuti munhu anyatsorima, nekuvaka akasununguka. Kune nzira dzakatiwande dzeuzvinavhu dzinosevenzeswa pamutemo uri munyika ikozvino. Kune tsamba dzemagweta (freehold title), kune kurenda (leases), kunetsamba dzekanzuru dzinotendera munhu kushandisa ivhu (permits) kune magari rekumaruzevha. Nzira idzi dzese dzinezvakana nezvisina padziri.

Zvatinodzidza nyaya dzeuzvinavhu pasi rese ndezvekuti hakuna nzira imwechete inokwanisa kushanda pese pese. Haisi chete nzira yetsamba dzemagweta (freehold title) inogona kushanda. Varongi venyaya dzekupa uzvinavhu vanofanirwa kutarisa vanhu vacho kuti vane, vanokwanisa zvipi? Havazorasikirwi here neminda yacho kana vakaishandisa kutora zvikwereti? Ndedzipiko dzimwe nzira dzingashandiswa kupa vanhu zvikwereti zvapakfava zvisingavatoreri ivhu ravanaro? Zvokubanya ivhu zvinga vharwa sei? Ndedzipi nzira dzingasevenzeswa kuti vanopa zvikwereti vasarasikirwa?

Munyika munodiwa kuumbwa dare (land authority) rinomirira zvekuminda. Dare iri rinofanira kunge rakamira rega pazvima richiita kuti zvinhu zvive nyore kuvarimi, zvinosanganisa kupinda kana kubuda muurimi. Wongororo yekuti ndiani anechii kuminda inofanirwa

kugara ichiitwa kudzivirira 'kubhanya' kunoitika asi dare iri ndiro rinofanira kugadzirisa kuti minda yakakurisa igurwe, midikisa ichiwedzerwa, richitarisa zviripo risingatevedzeri mafungiro evanamazvikokota ekukura kweminda.

Zvinoreva kuti dare iri riumbe hurongwa hwakasimba mukati mevanhu, hwunomirira nyaya dzese dzinosanganisa kurima, kushandisa nekuchengetedza zviwanikwa, kuyanana vanhu nemadzishe vanorwira miganhu, nekuti vanhu vawane minda nenzira dzisina chitsotsi. Pasina dare rakadai kuminda hakuperi nyaya dzekungonetsana nekurwira miganhu.



Kurwira miganhu pakati pevanhu nemadzishe kunodzose shure kuchikanganisa zvikuru upenyu hwevarimi nemachengeterwo ezviwanikwa. Pfungwa yekuumba hurongwa hwakasimba kubva pasi, kubva muvanhu (public authority from below) zvichikwira kumusoro (land authority) inofanira kutorwa sechinhu chakakosha nehurumende.



Kuchengetedza budiriro munzvimbo

Chirongwa chevhu chakashandukura mamiriro emapurazi munyika. Hakusisina madhandanda emapurazi avarungu anemasango akangoti mwii, akapoterredzwa nemaruzevha anopfachukira nevanhu. Kwese kwese kwakapinda vanhu. Kwavezve nekudyidzana nekubetserana pakati pevakainda kuminda ikozvino, vekumaruzevha, nevakaenda kuminda mirefu yekare. Pane kubatsirana pakushanda muminda, kurimirana, kukweretana, nekuyamurana neruzivo. Kudyidzana nekubatsirana uku kunopfachukira kumisika inechekuita nezvekurima munyika.

Kudyidzana uku kwakasakisa kutanga kwemabhizimisi matsva anoyamura pakutenga zvekurimisa nekutengesa zvirimwa. Mabhizimisi mazhinji achirikutangisa zvawo. Dzimwe mhindu pindu dzinoraramisa vanhu semigodhi midiki, kuvhima, kuyambuka (cross-border) nezvimwevo zvichakavharwa vharwa nemitemo inorambidza.

Nyangwe zvazvo mitemo ichidiwa haifanirivoka kudzvanyirira budiriro. Mabhizimisi anofanira kukurudzirwa kuti abatsire upenyu hwevanhu kuti hubudirire, vane zvavanoziva vachipiwa mikana yekusimudzira budiriro inobva mukurima, mumaruwa.

Kuunza rubatsiro rwebudiriro kuvanhu vakasiyanasiyana, vane marimire nemararamire akasiyanasiyana, kunoda kunyatsotarisa zvinoda kubatsirwa pazvinhu zvakasiyanasiyana zvinoitwa munzvimbo nenzvimbo (area-based development). Chekutanga kwoonekwa varikuita zvakafanana munzvimbo vopiwa rubatsiro runowirirana nezvavanoita (activities) mukurima kwavo. Kuti zvinyatsoita rubatsiro rwakanangana nebudiriro yenzvimbo nenzvimbo, nemabasa akasiyana munzvimbo runofanira kukwezva vemabhizimisi (private sector), mapoka evarimi akabatana, nevashandi vehurumende vanemaonero nemagonero matsva.

Varimi ngavataure pachavo

Vanhu vakaenda kuminda vane zvinangwa zvakasiyana muupenyu, uye vanogara upenyu hwakasiyanasiyana, vari vamazero akasiyana siyana. Kusiya uku kune zvakwakanira nezvakusina. Kusiya kwevanhu kunoreva kuti zvinonetsa kuti vanhu ava vashande vakabatana. Pakutanga vanhu vese vakange vakabatana vari pasi pema 'base commander' ne macommittee evanomwe 'Committee of Seven'. Ikozvino hutungamiri kuminda hwave kumadzishe nemasabhuku. Kubatana kwaivepo kare kwave kushomeka.



Asika kune hutungamiri huripo pakushanda pamwe muminda, mumangadheni, mumairigesheni, nemukutenga nekutengesa. Hatifunge kuti ndipo pangave pekutangira kuronga dare revarimi rinokwanisa kunzvikwa mumatare ematongerwo enyika. Mapato ezvematongerwo enyika haanyatsoitavo pakutungamira budiriro kuminda, sezvo pane kupesana kwakanyanya kwakasakiswa nemapato, zvinosakisa kuti varimi vazeze zvirongwa zvine matongerwo enyika mukati. Izvi zvinoreva kuti kune mikana mishoma yekuti inzwi revarimi rinzvike kusvika kumusoro.

Zvichatora nguva kuti kuve nedare rakasimba rinomirira varimi vekuminda kusvika

kumatare makuru. Dare iri richabuda richamirira zvido zvevanhu vakasiyana siyana. Kuminda kune bandi guru rakakosha revarimi vatingati varikumanya nendima, kozoitavo rimwe rakakuravo revari kugozherwa nekurima, vane zvinangwa zvakasiyana. Dare revarimi iri richamirira munhu wese. Mukati maro muchavevo neavo vatakataura kuti vanemidzi yakadzika vanoshandisa chizivano (political patronage). Ava vangavezvavo vashoma asi ndivo vanonyanya kuzivikanwa zvikuru nevanhu.

Nyaya ndeyokuti vanhu vakaenda kuminda vakatora ivhu rese rakanaka raive mumaoko avarungu. Izvi zvinovakoshesa zvikuru. Kune chikwata chevanomanya nendima chataurwa, chicharimira nyika

chekudya nekudzinga nzara. Hazvichisiri zvakare zvekungoti varimi vaingodiwa chete kwave nesarudzo (elections). Inzwi revarimi vatsva richange rakakosha munezve matongerwo enyika makore anotevera.

Dare revarimi ratirikutaura nezvaro kana rakasimba richakwanisa kutaura mumatare ezvematongerwo enyika richinzvikwa, richishandura zvinhu zvatisingafungiri. Hatizivi kuti zvinhu zvichafamba sei asika tinovona kukosha kwehurukuro dzekusiyana siyana kwevanhu nekusiyana kwezvinangwa zvavo sezvinhu zvinokosha, zvichiburikidza nekucherechedza kuti varimi vanhasi vakawanda, vanokosha, ndeve minda midiki.



Hurukuro itsva nezvevhu muZimbabwe



Nyaya yekuti ndiani anemunda upi, kupi, wakakurasei (land audit) inokosha kuitira kubvisa uvori. Asika zvinokosha kuti titarise nyaya yekuminda yese sezvairi, tichibvisa nekurasa makuhwa, tichitarisana nechokwadi semaonero evanhu vacho. Ongororo yerisechi yatakaita kuMasvingo inopikisa makuhwa anotenderera atendererazve, ekuti, kuminda mitsva hakuna chirikuvakwa, kurima kwakaparara, nzara angova magari, hakuna chinotengwa kana kutengeswa, vasevenzi vese vemumapurazi vakatandaniswa. Kuti paitwe hurukuro dzinemusoro dzinoendesa kurima mberi munyika, zvinokosha kuwana chokwadi chezvirikuitika. Chokwadi chinowanikwa tiri mukati mevanhu, sezvatakaita,

tichinzwa nekuvona zvirikuitika. Ongororo yakadai inobetsera kuvepo kwehurukuro dzinocherechedza chokwadi chiripo pasina zvekungoshatirwa nezvisirikuitika.

MuZimbabwe ivhu nezvematongerwo enyika chinhu chimwe, zvapakafekana. Kukakatirana kuripo panokurukurwa nyaya yevhu parizvino hakugadzirwe chete nekutevedzera pfungwa dzevana mazvikokota vezvenzira dzekugarisa vanhu, kana kuita tsvakurudzo yekuti ndiani anechii, kupi, kana kuti ndeipi mitemo inofanira kuvepo. Panodiwavo hurukuro itsva inobatanidza nyaya inoti ivhu ripiwe kuvanhu asi vakarasikirwa nare vachiyeukwavo, kozoita kodzero dzevanhu

nezvavanotarisirwavo kuita. Parizvino hurukuro iripo isingabetseri inoti, nyaya idzi dzakasiyana, hadzidyidzane. Hurukuro yekodzero dzekuminda haifanirwi kungokoshesa chete kodzero yemunhu nemunhu (private property rights) asivo kodzero yevazhinji.

Kuunza budiro kuminda kunofanira kukoshesa kodzero dzevanhu vakawana ivhu nevakasikirwa nare. Kunofanira kukoshesa kuenderera mberi nekupa ivhu kuvanhu. Ivhu ngaritorwe senzira yekuvaka upenyu hwevanhu vese, senhaka yevanhu vese vanoda kurishandisa, pasina kuti uyu ndiani uye arimumusangano upi wezematongerwo enyika.

AFRICAN ISSUES

**ZIMBABWE'S LAND REFORM
MYTHS & REALITIES**

Ian Scoones, Nelson Marungwe, Blasio Mavedzenge,
Jacob Mahenehene, Felix Murimbarimba & Chrispen Sukume



www.zimbabweland.net